



Distribitè Otomatik Sante Piblik:

Pou Bay Plis Moun Posibilite Jwenn Pwodui pou Sante ak Byennèt nan Vil New York

Distribitè otomatik sante piblik yo fè pati apwòch Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (Depatman Sante NYC) pou rezoud kriz ovèdoz la. Se òganizasyon kominotè yo (community-based organizations, CBO) k ap jere distribitè otomatik yo k ap ofri moun New York yo yon evantay pwodui pou sante ak byennèt.

Ki objektif distribitè otomatik yo?

Distribitè otomatik yo ede:

- Jwenn moun ki pa gen kontak ak sèvis rediksyon danje oswa ki gen anpil chans pou yo temwen oswa viktim ovèdoz opyoyid.
- Bay plis moun posibilité jwenn pwodui pou sante ak byennèt gratis.
- Redui santiman wont la nan fè moun New York yo jwenn pwodui pou rediksyon danje yo yon fason fasil ak anonim.

Ki pwodui distribitè otomatik yo ofri?

Distribitè otomatik yo ofri yon varyete pwodui pou sante ak byennèt gratis, tankou:

- | | |
|--|---|
| • Naloksòn | • Twous pwoteksyon pou sèks (kapòt ak librifyan) |
| • Ribon reyaktif pou teste fentanil | • Bwat pou jete bagay pwenti |
| • Twous akseswa pou twalèt (tankou twous ijyèn ak twous pou règ) | • Sereng esteril (sèten distribitè otomatik sèlman) |

Ki kote yo mete distribitè otomatik yo?

Distribitè otomatik yo nan katye ki gen gwo pouvantaj lanmò poutèt ovèdoz. Yo te chwazi kote presi yo dapre opinyon manm kominote a, CBO yo ak Depatman Sante NYC an. Pou yon lis ajou kote w ap jwenn distribitè otomatik yo, ale sou nyc.gov/alcoholanddrugs, eskane kòd QR la oswa rele **311**.





Kijan yon moun ka jwenn pwodui yo nan distribitè otomatik yo?

Chak distribitè otomatik gen yon klavye moun ka itilize pou tape kòd postal yo pou jwenn pwodui yo. Gen plis enstriksyon ak enfòmasyon toujou ki afiche sou chak distribitè otomatik nan plizyè lang.

Kiyès ki ka sèvi ak distribitè otomatik yo?

Tout moun New York. Sè sèlman moun ki gen laj omwen 18 an k ap kapab pran sereng esteril yo.

Poukisa pou kominate mwen an gen yon distribitè otomatik sante piblik?

Distribitè otomatik sante piblik yo bay plis moun posibilite jwenn pwodui pou sove lavi yo 24 sou 24, 7 jou sou 7:

- Chak twazèdtan, gen yon moun ki mouri poutèt ovèdoz dwòg nan NYC. Naloksòn se yon medikaman san danje ki ka envèse efè yon ovèdoz opyoyid.
- An 2001, Lwa sou Sante Piblik Eta New York la te bay plis moun posibilite jwenn sereng esteril. Nan NYC, posibilite jwenn sereng esteril yo te ede redui nouvo ka VIH yo pamí moun ki pran dwòg nan piki pa 99% ant 2001 ak 2020.
- Distribitè otomatik sante piblik ki nan lòt kominate ki ofri sereng esteril ede jwenn moun ki pa gen anpil chans pou yo ale nan famasi oswa nan pwogram rediksyon danje pou resous ak sèvis.

Èske distribitè otomatik yo ap ankouraje konsomasyon dwòg?

Rechèch yo montre posibilite jwenn naloksòn oswa sereng ka redui lanmò poutèt ovèdoz opyoyid epi redui transmisyon epatit viral, VIH ak lòt enfeksyon moun pran nan san. Pa gen prèv ki montre posibilite jwenn pwodui sa yo ogmante ni konsomasyon dwòg ni konpòtman riske.

Èske distribitè otomatik yo sou kontwòl oswa sou siveyans videyo?

Non. Distribitè otomatik yo pa sou siveyans videyo. CBO k ap jere distribitè otomatik yo gade yo sèlman pou remete pwodui lè sa nesesè.

Èske distribitè otomatik yo ap lakòz gen plis sereng moun jete nan lari?

Tout distribitè otomatik ki gen sereng yo bay bwat pou jete bagay pwenti epi yo gen yon kyòs pou jete sereng toupre a. Rele **311** pou rapòte sa si ou jwenn yon sereng nan pwopriyete piblik.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon oswa poze kesyon?

Voye yon imèl pou naloxone@health.nyc.gov oswa ale sou nyc.gov/health/naloxone.

